

## Senaryo Diskriminasyon nan Travay ak Aranjman Piblik

1

Jeff aplike pou yon pozisyon lavant nan yon sosyete miltinasyonal ki gen biwo santral li nan Vil New York. Li gen tout kalifikasyon pou djòb la epi yo te di li t ap "konpatib anpil" ak konpayi a, men yo te refize li travay la apre yon verifikasyon kredi te montre pwèn kredi Jeff te ba.

2

Priya se yon fanm mizilman ki pote yon vwal k ap travay nan depatman sèvis kliyan nan yon gran magazen. Yon jou, yon kliyan ki te ankòlè te rele li yon "teworis". Apre Priya te deklare ensidan an nan travay li, patwon Priya te deklare li "twò difisil pou gen yon Mizilman k ap travay nan sèvis kliyantèl" epi li transfere li deyè nan biwo a kote li pa pran kontak ak kliyan yo.

3

Pandan yon entèvyou nan yon antrepriz kontablite, yon reprezantan resous imèn mande Craig si yo te janm kondane li pou yon krim. Craig di yo te arete li depi plis pase 20 tan paske yo te jwenn mariwana sou li. Yo te di li konpayi a gen yon règ kote yo pa anboche moun ki te gen pwoblèm ak lapolis epi entèvyou an te fini sèk.

4

Sandra se yon moun ki avèg legalman epi li sèvi ak yon bèt sèvis. Apre li te kòmande manje midi li nan yon restoran, responsab li vini kote li pou di "bèt pa gendwa la a" epi li mande pou li swa mete "bèt domestik" li a deyò oswa kite restoran an.

5

Ximena retounen nan travay apre li te fin akouche yon ti bebe, epi li di sipèvizè li l ap bezwen yon kote ak yon ti an pou rale lèt li nan biwo a. Sipèvizè a di li kapab itilize twalèt la, epi li di li panse tout tan li pral pase li pa nan biwo li pou ponpe lèt li ka afekte pwodiktivite li.

Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon oswa enskri non ou pou ale nan yon atelye gratis sou Lwa Vil New York Konsènan Dwa Moun, rele **(212) 416-0197** oswa ale gade nan **NYC.gov/HumanRights**.

**NYC** Komisyen pou Dwa Moun

[NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/humanrights)

[f](#) [@](#) [You Tube](#)

@NYCCHR



**BIZNIS KI LOUVRI**  
**SE BIZNIS KI PI SOLID**  
Pwoteksyon Biznis ak Diskriminasyon  
selon Lwa Konsènan Dwa Moun Vil  
New York la



**NYC** Komisyen pou Dwa Moun



## BIZNIS YO AK LWA KONSÈNAN DWA MOUN VIL NEW YORK

Se Komisyon Vil New York pou Dwa Moun (NYC Commission on Human Rights) ki mete Lwa Konsènan Dwa Moun an aplikasyon. Lwa sa a se youn nan lwa kont diskriminasyon ki pi apwofondi epi li pwoteje rezidan New York yo kont diskriminasyon ak tizonnay nan travay, lojman, ak enstalasyon piblik. Chak biznis ki anplwaye moun ak / oswa vann machandiz ak sèvis nan Vil New York gen responsablite selon Lwa kòm yon anplwayè ak founisè aranjman rezonab, epi yo dwe konfòme ak responsablite yo pou evite vyole lwa a. Priorite nou se ede biznis yo konfòm ak Lwa Konsènan Dwa Moun Vil New York la.

## 5 Bagay pou w Konnen KÒM YON ANPLWAYÈ

Tout anplwayè nan Vil New York ki gen kat (4) oswa plis anplwaye dwe respekte Lwa Konsènan Dwa Moun Vil New York ki anplwaye yo travay a plen tan oswa a tan pasyèl, pèmanan oswa tanporè, yo anrejistre lajan yo peye yo oswa yo peye yo anba tab, oswa yo se estajyè ki touche oswa ki pa touche. Gen kèk dispozisyon ki Lwa a ki pwoteje anplwaye yo kèlkeswa gwo biznis yo. Anplwayè yo pa ka fè diskriminasyon kont aplikan ak anplwaye yo selon laj yo, sitiyasyon yo ak imigrasyon, kazyè jidisyèl oswa kondanasyon, si yo gen moun y ap bay swen, koulè, dosye kredi, salè yo konn touche avan, andikap, sèks, ak ki sèks yo idantifye oswa ki sèks yo ekspri, si yo marye oswa nan yon relasyon, orijin nasyonal, gwosès, ras, relijyon / kwayans, oryantasyon seksyèl, si yo se yon manm sèvis militè kounye a oswa avan, si yo te viktim vyolans domestik, vyòl, oswa tizonnay, ak si yo nan chomaj.

1. Ou pa ka fè deklarasyon, poze kesyon pandan entèvyou, fè piblisite, oswa sikile anons travay ki sijere ou ta pito oswa pa vle sèten kandida pou travay la ki antre nan nenpòt nan kategori Lwa a pwoteje yo. Epi tou ou pa ka fè diskriminasyon nan desizyon travay tankou ki moun w ap anboche, bay pwomosyon, desann grad, oswa revoke, ak pami lòt bagay, selon nenpòt nan kategori Lwa a pwoteje yo.
2. Ou dwe travay avèk anplwaye ou yo pou bay yo aranjman rezonab, tankou chanje orè travay yo oswa aktivite yo pou akomode bezwen espesifik ki baze sou andikap, gwosès, relijyon oswa sitiyasyon anplwaye kòm yon viktim vyolans domestik, kadejak, oswa tizonnay, sof si aranjman an kreye yon "gwo difikilte" pou biznis ou.
3. Ou pa ka mande enfòmasyon sou kazyè jidisyèl aplikan yo nan anons, aplikasyon, oswa nan entèvyou-anvan ou fè yon òf travay kondisyonèl. Ou pa ka mande oswa konte sou sa aplikan an te konn touche avan pandan demach rekritman an.
4. Pou pifò djòb nan Vil New York, patwon yo pa kapab tcheke rapò kredi; yo poze kesyon sou dèt, sipò timoun, sou kay yo te sezi, kredi, fayit, deklare; itilize yon ajans evalyasyon kredi pou jwenn dosye kredi konsomatè yon anplwaye oswa itilize dosye kredi yon anplwaye nan yon desizyon bay li travay.

5. Li ilegal pou pran vanjans kont yon anplwaye paske li kont yon aksyon li kwè se diskriminasyon, depoze yon plent, oswa temwaye, ede, oswa patisipe nan yon ankèt, pwosedi, oswa odyans.

## 5 Bagay pou w Konnen KÒM YON FOUNISÈ ARANJMAN PIBLIK

Tout biznis ki ofri machandiz oswa sèvis pou piblik la gen responsablite dapre Lwa Konsènan Dwa Moun Vil New York la. Sa vle di biznis yo pa ka fè diskriminasyon kont kliyan, manm, patisipan, oswa konsomatè yo ki nan kategori sa yo: laj yo, sitiyasyon yo ak imigrasyon, koulè, andikap, sèks, ak ki sèks yo idantifye oswa ki sèks yo ekspri, si yo marye oswa nan yon relasyon, orijin nasyonal, gwosès, ras, relijyon / kwayans, oryantasyon seksyèl, si yo se yon manm sèvis militè kounye a oswa avan.

1. Ou dwe bay kliyan biznis ou yo menm ak tout opòtinite pou yo jwi machandiz ak sèvis yo.
2. Ou dwe bay moun ki gen andikap yo aranjman rezonab, ki ka gen ladan chanjman estriktirèl nan espas ou a oswa chanjman nan règ ou deja genyen yo.
3. Si ou jere yon biznis tankou yon magazen restoran, ou dwe pèmèt moun ki gen andikap yo antre nan biznis ou an ak bèt sèvis k ap akonpanye yo.
4. Règ ak pratik pou anpeche moun vòlò pa dwe fè diskriminasyon epi anplwaye ki responsab pou mete règ sa yo anplas dwe jwenn bonjan fòmasyon pou asire yo pa veye sèten kliyan sèlman pou rezon diskriminasyon.
5. Kliyan yo dwe kapab jwenn aksè nan twalèt selon sèks yo idantifye ak li oswa sa yo ekspri a, san yo pa bezwen bay "prèv" ki sèks yo ye.